

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

Nurutkeun Creswell (2017, kc. 246), métode Kualitatif medar sampel panalungtikan sarta ngumpulkeun data katut prosedur-prosedurna ngarekam sagala rupana sacara kasaluruhan. Ditolik tina tujuan jeung mangpaat panalungtikan aya tilu rupa nyaéta néangan, ngabuktikeun, jeung ngamekarkeun, sarta aya opat konci anu kudu diperhatikeun nalika nyiapkeun jeung lumangsungna panalungtikan ngawengku cara ilmiah, data, tujuan, jeung mangpaat (Sugiyono, 2015, kc. 3-5). Pikeun meunangkeun data anu miboga tujuan nu tangtu, sarta ngainterpretasikeun ku cara ilmiah disebut metode panalungtikan. Luyu jeung nu ditétélakeun ku Sugiyono (2015, kc. 6) yén metode panalungtikan nyaéta cara ilmiah pikeun maluruh data anu *valid* anu miboga tujuan sarta mangpaat tina hasilna.


Karakteristik métode kualitatif mangrupa salasahiji métode nu miboga rarancang panalungtikan anu spesifik, utamana rarancang dina palebah ngumpulkeun data, analisis data, jeung laporan panalungtikan (Creswell, 2017, kc. 250). Panalungtikan ulikan objéktif jeung éksprésif novél *Handeuleum Na Haté Beureum* karya Chyé RéTTY Isnéndés, mangrupa panalungtikan kualitatif, anu ngagunakeun metode deskriptif sumber datana tina kekecapan tinulis jeung lisan katut paripolahna jalma-jalma anu bisa ditalungtik. Pikeun mikanyaho kajadian anu kaalaman ku hiji subyek dina panalungtikanna, ngadeskripsikeun kalawan écés ngeunaan paripolahna, sawangan, motivasi, tindakan ogé pangalaman anu kungsi karandapan anu diébréhkeun ngaliwatan basa sarta ngagunakeun metode ilmiah dina ngadeskripsikeuna.

Arikunto (2010, kc. 3) nétélakeun métode déskriptif nyaéta panalungtikan anu dimaksud pikeun maluruh kaayaan, kondisi atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, anu hasilna didadarkeun dina wangun laporan panalungtikan. Lantaran novél mangrupa éksprési rasa, sarta sawangan pangarang kana kaayaan masarakat, pamarekan objéktif ogé éksprésif maluruh eusi carita novel jeung gambaran eusi novél dina prosés kreatif hiji pangarang kana karyana. Déskriptif dina ieu panalungtikan

eusina ngawengku unsur objéktif, unsur éksprésif pangarang sarta téhnik proses kreatif pangarang dina gumelarna hiji karya sastra nyaéta novel *Handeuleum Na Hate Beureum*.

3.1. Desain Panalungtikan

Desain dina rarancang panalungtikan, ngawengku tahap :



Bagan 3.1

Désain Panalungtikan

3.2. Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Sanggeus nangtukeun desain panalungtikan data jeung sumber data kana novel *Handeuleum Na Hate Beureum* karya Chye Retty Isnendes anu maké pamarekan kualitatif, sumber data utama nyaéta buku novel *Handeuleum Na Haté Beureum* pikeun maluruh unsur pangwangun dina eusi carita. Ogé dina maluruh unsur éksprésifna

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL


HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dipaluruh ngaliwatan kekecapan jeung paripolah ti pangarangna. Data tambahan saperti dokumen, jurnal esey, jeung media séjénna ngeunaan kasangtukang pangarang dina nyiptakeun hiji karya, jadi nu jadi sumber dina panalungtikan data anu digunakeuna tina hasil wawancara jeung buku sumber anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, nu utamana novél *Handeuleum Na Hate Beureum*.

3.2.1 Identitas Novel *Handeuleum na Haté Beureum*



Gambar 3.1
Jilid Novel *Handeuleum na Haté Beureum*

Judul	: Handeuleum na Haté Beureum
Pangarang	: Chyé RéTTY Isnéndés
Pamedal	: YRAMA WIDYA
Jumlah Kaca	: 100 Kaca
Taun Terbit	: Fébruari 2014

3.2.2 Narasumber

Dina ieu panalungtikan narasumber pangarang novel *Handeuleum Na Haté Beureum* dijadikeun sumber utama. Chyé RéTTY Isnéndés lahir, 2 Desember 1972 umurna 47 taun, lahir di Nagrak, Sukabumi hiji lembur anu lingkungan na tingtrim, asri, kénéh, sarta hirup di lingkungan anu jalma-jalma di sabudeureuna saroméah, kitu ogé kaayaan alam di Nagrak Sukabumi, nu kacida éndahna mangaruhan pisan kana *perspektif* Chyé RéTTY dina nyawang kahirupan. Kaasup pangaruh luluhur Chyé RéTTY

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

di éta Désa lantaran di Nagrak, Sukabumi mangrupa Désa anu nyadiakeun rupa-rupa sajarah, aya patalina jeung kolonial anu ngalantarankeun Chyé Rétyy Isnéndés reueus ka éta tempat sabab luluhurna anu muka éta Désa.

Hal-hal saperti kitu anu miangna tina memori anu pangjerona jadi kasang tukang Chyé Rétyy Isnéndés dina ngaleuyeupan alam sabudeureun, mangaruhan kana nyawang kahirupan, neuleuman pangalaman-panagalaman anu kungsi karandapan, ngadatangkeun rupa-rupa inspirasi anu éngkéna bisa diébréhkeun dina wangun tulisan.

Chyé Rétyy hirup jeung gedé ku kanyaah aki jeung nini na, dididik ku kadisiplinan ti beurang nepi ka peutingna geus dihanca pikeun nyiar élmu. Ti jam opat geus dihudangkeun, mandi isuk kénéh, ngaji heula ka madrasah méméh indit ka sakola jam genep, sabérésna sakola dina waktu soré ngaji deui nepi ka isya saacan saré sok ngaregepkeun dongéng ti uwa, atawa nini na. Lian ti éta di imahna anu loba rupa-rupa buku, nu akina nu bibina ngahudangkeun kapanasaran jeung minat baca Chyé Rétyy Isnéndés ti mimiti waktu masih kelas tilu SD kénéh. Buku nu dibaca rupa-rupa anu aya di imahna dibaca sanajan Chyé Rétyy kurang paham kana eusi bacaanna, tapi kalangenan maca sagala jenis buku nu aya sok dibaca sanajan mindeng kacarék ku bibina lantaran loba bacaan nu teu luyu jeung umurna. Tapi éta hal teu jadi hahalangan pikeun Chyé Rétyy neruskeun karesepna kana maca lantaran maca jadi hiburan keur anjeunna.

Tina éta literasi, lobana bahan bacaan anu kungsi dibaca, upama aya tugas di sakola ngeunaan mengarang bébas Chyé Rétyy sok pang lobana jeung bisa manglémbar-lembar dina nulis tugasna, ti keur SD geus katingali minat dina nulisna, atawa dina ngarang puisi nilaina sok pang gédéna.

Ti kelas opat geus resep kana nulis, nepi ka nincak SMP kelas dua ngirim sisindiran ka radio, dina hiji kagiatan pasanggiri anu ngeunaan *Djarum Coklat* teu disangka dina éta pasanggiri nulis sisindiran juara kahiji hadiahna kacamata nu aya tulisan *pria punya selera*, roko, sabungkus jeung baju kaos éta pangalaman munggaran Chyé Rétyy dina karangan sisindiran anu dipasanggiri keun. Chyé Rétyy ogé geus resep

nulis *diary* anu eusina sasajakan, lagu-lagu, sagala rupa dituliskeun éta hal mangrupa hiji hal pikeun ngasah kamampuna dina nulis.

Kelas hiji SMA geus ngirim tulisan ka galura dina ruang pangauban anu dimuat najan teu dihonoran lantaran pangauban sastra meunang siswa, ngirim ogé sajak ka manglé anu éta sajak téh dimuat dina manglé alit ngeunaan lembur kuring, sanajan kanyahoan dimuatna waktu Chyé Rétty geus kuliah di IKIP Bandung. Waktu SMA kénéh Chyé Rétty kungsi milu Festival Seni Dunia Oxford, Nurwegia nyieun sajak basa Indonésia nu diterjemahkeun ku Mamangan kana basa Inggris ngampleng nepi ka kapopohokeun geus sataun kaliwat, waktu di Bandung aya nu ngirim hadiah ti Oxford Nurwegia meunang diploma.

Pangalaman keur leutik, sarta jalma-jalma anu aya di sabudeureun Chyé Rétty Isnéndés gedé pangaruhna pikeun kahirupan Chyé Rétty lantaran dina mangsa keur budak, atawa dina umur *gold age* bakal jadi pangalaman anu penting dina nyorang kahirupan.

Beuki réa buku anu dibaca, nepi ka Chyé Rétty hook panggih jeung pangarang anu bukuna kungsi dibaca waktu asup kuliah di IKIP Bandung tepung jeung Yus Rusyana, Iskandarwassid, Ano Karsana, Ajip Rosidi, Karna Yudibrata, Wahyu Wibisana leuwih jembar deui, reukah, sarta mekar deui kapeuseuh minat maca jeung nulis Chyé Rétty tina pangaruh lingkunganana.

Sajak jeung carpona kungsi medal dina manglé anu asal tina éta sajak mangrupa pangalaman Chyé Rétty waktu LDKM, dua bulan ti harita carpona anu medal téh. Chyé Rétty ogé kungsi miluan rupa-rupa pasanggiri waktu tingkat hiji sanajan teu jadi pinunjul teu jadi matak sumangetna nurun, malah dina hiji kagiatan kungsi diajak ngobrol ku hiji juri sanajan teu pinunjul Chyé Rétty meunang pangalaman jeung perhatosan tina obrolan jeung salasahiji juri Duduh Durahman. Tina pangalaman éta sajak, esay, carpon beunang Chyé Rétty mindeng dimuat.

Chyé Rétty Isnéndés panulis sajak, carita pondok, jeung esey dina basa sunda. Atikana TK, SD, Madrasah di Nagrak, SMA di Cibadak. Resep nulis sajak sunda ti SMP mula, sabot jadi mahasiswa di IKIP Bandung Jurusan Bahasa jeung Sastra Sunda

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kalangenanna maca jeung nulis meunang rojongan dina taun 1994 sajak jeung carpona anu dipedal dina manglé jeung galura.

Atikan Chyé RéTTY Isnéndés di paguron luhur S1 di IKIP Bandung jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, S2 UGM widang elmu Sastra Modern, jurusan Ilmu Sastra, S3 di UPI widang elmuna Tradisi Lisan, jurusan Pendidikan Bhasa Indonesia. Karya chye retty Isnendes anu geus dibukukeun aya sabelas jeung 20 antologi-antologina. *Kidang Kawisaya* (1999) dileler hadiah rancage 2000, *Nu Nyuksuk dina Sukma*. Karya anu dipedal dina antologi Sajak Sunda Emas, *Heulang nu Ngajak Bengbat, Bunga yang Berserak, Kanangan, Mun Dunya Bisa nyarita, Lir Cahya Nyorot Eunteung, Jamparing, Katumbirir, Handeuleum Na Hate Beureum, Dua Wanoja, berlisn*. Buku Pangajaran Teori Sastra (1999) Kajian Sastra (2010).

3.3. Ngumpulkeun Data

3.3.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Aya sababaraha tehnik dina ieu panalungtikan tehnik nu digunakeuna nyaéta studi pustaka, wawancara, jeung dokumentasi.

1) Téhnik Studi Pustaka

Pikeun ngumpulkeun, data jeung nganalisis data anu ngarojong kana panalungtikan. Objék tina ieu panalungtikan maca jeung nalaah novel *Handeuleum Na Haté Beureum*. Sarta dipaluruh unsur pangwangun carita dina éta novel.

2) Téhnik Wawancara

Téhnik wawancara dipaké pikeun nyangking data paadu teuteup jeung narasumber ngayakeun tanya jawab, anu bisa ngagunakeun telepon atawa ngobrol sacara langsung (Creswell, 2017, kc. 254). Susan Stainback dina (Sugiyono, 2015, kc. 318) nétélakeun yén ngaliwatan wawancara, panalungtik bisa mikanyaho hal anu leuwih jero ti partisipan dina ngaintepretasikeun fenomena anu geus kajadian, pikeun nimukeun sumber panalungtikan anu objékna pangarang novel *Handeuleum Na Haté Beureum* nyaéta Chyé RéTTY Isnéndés ngeunaan kasang tukang kahirupan, pangalaman, atikan, jeung sajabana.

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3) Téhnik Dokuméntasi

Dokuméntasi mangrupa catetan perisitwa anu kungsi karandapan (Sugiyono, 2015, kc. 329) Dokuméntasi bisa ngaliwatan gambar, rékaman sora catetan peristiwa anu geus lumangsung.

3.3.2. Instrumén Panalungtikan

(Arikunto, 2010) Instrumén nu dipaké pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data, padoman wawancara, alat rékam, jeung kaméra.

1) Intrumén Tabél Struktur Carita Novel *Handeuleum Na Haté Beureum*

Tabél 3.1

Instrumén Struktur Carita

No.	Intrumén Carita	Cutatan
1.	Tema	
2.	Fakta Carita:	
	a) Galur	
	b) Palaku jeung Watek (Penokohan)	
	c) Latar	
	1. Latar tempat	
	2. Latar waktu	
	1. Latar sosial	
3.	Sarana Carita:	
	a) Judul	
	b) Puseur implengan	
	c) Gaya basa	

2) Kartu Data Ulikan Struktural

Kartu data mangrupa instrument anu dipaké pikeun ngokolakeun data nu geus kakumpul tuluy dipindahkeun sarta dianalisis.

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

a. Téma

Tabél 3.2
Kartu Analisis Téma

Kartu Analisis Téma
Kode data:
Cutatan:
(Kaca)

b. Fakta Carita

Tabél 3.3
Kartu Analisis Fakta Carita

Kartu Analisis Fakta Carita
Kode data:
Cutatan:
(Kaca)

c. Sarana Sastra

Tabél 3.4
Kartu Analisis Sarana Sastra

Kartu Analisis Sarana Sastra
Kode data:
Cutatan:
(Kaca)

Keterangan Kode Data:

Conto:

Kode Data: HnHB/1/2

HnHB = nuduhkeun judul

1 = nuduhkeun bagian carita

1 = nuduhkeun kaca

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.5
Kartu Unsur Éksprésif Pangarang

KARTU DATA	
Cutatan unsur-unsur ekspresif pangarang dina novel <i>Handeuleum Na Hate Beureum</i>	
Analisis :	
(1)	<i>kontenplasi,</i>
(2)	<i>spontanitas,</i>
(3)	<i>intuisi,</i>
(4)	Pangalaman,
(5)	<i>intelengensi,</i>
(6)	<i>integrasi,</i>
(7)	kapribadian,
(8)	emosi,
(9)	konsep seni,
(10)	kakuatan batin,
(11)	<i>imajinasi,</i> jeung
(12)	rasa.

3) Pedoman Wawancara

Mangrupa runtuyan pananya nu bakal diajengkeun ka narasumber ngeunaan objék anu ditalungtik pikeun nungtun panalungtikan sangkan lumangsung kalawan lancar.

Identitas pangarang

Jenengan :
Wanda Larangan :
Yuswa :
Kalungguhan :
Alamat :
Pakasaban :
Atikan :

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.6
Instrumén Pananya

No.	Jejer Pananya	Jumlah Pananya
1	Galuring hirup Chyé RéTTY Iséndés	5 patalékan
2	Pangalaman nulis Karya Sastra	6 patalékan
3	Proses kreatif novel <i>Handeuleum na Haté Beureum</i>	12 patalékan
4	Unsur unsur éksprésif Chyé RéTTY Isnéndés	15 patalékan
5	Sawangan Chye Retty Isnendes ngeunaan karya sastra kiwari	3 patalékan

4) Alat Rekam jeung Dokumentasi

Pikeun ngumpulkeun jeung ngokolakeun data dibutuhkeun pakakas elektronik anu ngarojong lumangsungna panalungtikan.

3.4. Téhnik Analisis Data

Dina ieu panalungtikan, data anu geus dipaluruh tuluy diolah ngagunakeun téhnik deskriptif ku cara wawancara.

Léngkah-léngkah dina nganalisis data, nyaéta :

- a. maca buku tiori anu patali jeung pamarekan objéktif jeung éksprésif;
- b. nangtukeun sumber data dina wangun tinulis nyaéta novel *Handeuleum na Haté Beureum*;
- c. maca sagemblengna eusi carita novél *Handeuleum na Haté Beureum*;
- d. nyirian novél dina nganalisis unsur objéktifna;
- e. nyiapkeun narasumber, sarta nyiapkeun patalékan pikeun maluruh karya sastra jeung pangarangna;
- f. ngumpulkeun data tina hasil wawancara prosés kreatif pangarang dina nulis novél *Handeuleum na Haté Beureum*;
- g. nataan unsur-unsur éksprésif tina hasil wawancara ti narasumber Chyé RéTTY Isnéndés;
- h. nyalin hasil wawancara kana kartu data;
- i. ngumpulkeun kabéh data anu kapanggih dina hasil studi pustaka jeung wawancara.

Cucu Suminar, 2021

ULIKAN OBJÉKTIF JEUNG ÉKSPRÉSIF NOVEL

HANDEULEUM NA HATÉ BEUREUM KARYA CHYÉ RÉTTY ISNÉNDÉS

PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA KELAS XI

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu